

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Basa nyaéta alat komunikasi pikeun ngébréhkeun pikiran jeung rasa. Dasar-dasar basa aya dina mangsa barudak ku kituna dina mangsa ieu mangrupa période nu kritis dina pola tumuwuhna basa budak. Aya opat pancén pikeun numuwuhkeun kamampuan basa budak nya éta ieu di handap.

- 1) Pamahaman, mangrupa kamampuan budak dina maham ma'na ucapan ti nu séjén. Lain maham kecap tapi maham ngaliwatan paripolah awak.
- 2) Pamahaman kabeungharan kecap, tumuwuh nalika budak geus asup umur Taman Kanak-kanak.
- 3) Nyusun kecap-kecap jadi kalimah, budak geus mampu nyusun kecap-kecap saterusna saméméh umur dua taun sok sanajan dina wangun kalimah tunggal, tapi dibantu ku paripolah awak éta kalimah jadi ngabogaan harti.
- 4) Ucapan, budak geus mampu ngucapkeun kecap-kecap ku cara nurutan sora nu didéngéna ti lingkungan sabudeureunana.

Prosés diajar ngajar mangrupa prosés interaksi antara guru jeung siswa. Paripolah diajar murid jeung paripolah ngajar guru lumangsung sacara interaktif. Guru nepikeun pesen ka murid, murid narima jeung ngaréalisasikeun éta pesen sacara aktip. Lian ti éta guru sacara aktip méré apingan jeung piwulang nalika murid ngedalkeun pamadegana.

Hasil diajar anu hadé ngawujud dina sababaraha hal, di antarana:

“(1) *pertambahan matéri pengetahuan yang berupa fakta, informasi atau téori, sistem nilai-nilai; (2) penguasaan pola prilaku kognitif atau prosés berfikir, prilaku apresiatif, psikomotor; (3) dan perubahan dalam sifat kepribadian*” (Syamsudin 1987:8).

Ku kituna, hasil diajar téh lian bisa kahontal sanggeus ayana évaluasi boh nu sipatna kualitatip boh anu kuantitatip, ogé bisa dihontal dumasar pangalaman anu didasaran ku prosés mikir.

Basa salaku alat komunikasi kawilang penting dina lumangsungna interaksi diajar ngajar. Guru jeung murid dipiharep nyangking jeung mampuh ngagunakeun basa, boh lisan boh tulisan.

Dina enas-enasna aya opat aspék kaparigelan basa nu kudu dicangking ku siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, nulis jeung maca. Ngaregepkeun salah sahiji aspék kaparigelan basa anu tumuwuh dina kahirupan urang, ti mimiti gubrag ka alam dunya nepi ka saumur hirup urang. Ku kituna, luyu pisan upama di sakola aya pangajaran basa nu pakuat-pakait jeung ngaregepkeun. Pikeun ngaronjatkeun kaparigelan makéna basa perlu ayana latihan anu terus lumangsung nepika siswa bisa. Kitu deui dina kaparigelan nyarita, nulis, jeung maca. Opatanana kaasup kana caturtunggal anu silih pakuat pakait antara nu hiji jeung nu séjénna. Ku kituna luyu pisan pama di sakola TK aya pangajaran anu pakuat-pakait jeung aspék kaparigelan basa.

Pentingna kaparigelan basa dina kahirupan kaunggel dina *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Basa dan Sastra Sunda TK/RA*. Di dinya diébréhkeun

yén pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana opat kamahéran basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, mikawanoh simbol-simbol basa nu ngalambangkeuna pikeun nataharkeun maca jeung nulis. Salah sahiji kompetensi dasarna nyaéta ngaregepkeun sarta maham kecap jeung kalimah basajan, ngalambangkeun sarta ngucapkeun kalawan lapal nu bener. Lian ti éta dina *Garis-Garis Program Pengajaran dan Penilaian pada Sistem Semester 2003: Satuan pendidikan Taman Kanak-Kanak (TK)* diébréhkeun yén “salah satu kemampuan yang diharapkan dicapai dari aspék bahasa adalah melengkapi kalimat sederhana yang sudah dimulai oleh guru”. Ku kituna, aspék kaparigelan basa téh jadi bahan ajar dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di TK.

Dina prak-prakanana ngaregepkeun, nyarita, nulis, jeung maca siswa masih perlu bimbingan jeung dikondisikeun, sangkan hasil nu hayang dihontal bisa kahontal kalawan hadé. Kukituna média ngabogaan peran penting pikeun ngaronjatkeun kamahéran basa siswa. Média gambar mangrupa salah sahiji alat atawa sarana nu bisa ngahudangkeun sumanget jeung ngabantu siswa dina prosés nyangkem jeung ngawasa pangajaran.

Panalungtikan nu medar pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan di TK kaitung langka dina basa Sunda mah, malah tacan aya. Ku kituna panalungtikan ngeunaan pembelajaran, anu judulna ”Pembelajaran Ngawanohkeun Kalimah Basajan Ngagunakeun Média Gambar di TK Flamboyan Purwakarta” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Watesan Masalah

Sangkan panalungtikan anu dilaksanakeun bisa diukur, pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan téh perlu diwincik dumasar komponén-komponénna. Aya opat hal anu rék dipedar patali jeung aspék kaparigelan murid dina mikawanoh kalimah basajan téh, nya éta (1) pembelajaran maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta, (2) pembelajaran ngaregepkeun dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta, (3) pembelajaran nulis dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta, jeung (4) pembelajaran nyarita dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta. Dumasar kana masalah diluhur dina ieu panalungtikan anu baris ditalungtik téh nya éta pembelajaran ngaregepkeun dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun media gambar di TK Flamboyan Purwakarta jeung pembelajaran maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun media gambar di TK Flamboyan Purwakarta.

## 1.3 Rumusan Masalah

Aya sababaraha masalah anu baris dirumuskeun patali jeung panalungtikan ieu, di antarana nya éta:

- 1) Kumaha ngararancang kagiatan satuan harian pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta?

- 2) Kumaha ngalaksanakeun pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta?
- 3) Kumaha hasil pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta?

#### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskripsikeun pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta taun ajaran 2008/2009. Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) rarancang kegiatan satuan harian pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta;
- 2) pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta;
- 3) hasil pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan ngagunakeun média gambar di TK Flamboyan Purwakarta.

#### **1.5 Mangpaat Panalungtikan**

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis pikeun dunya atikan hususna dina pangajaran maham kalimah basajan, boh pikeun guru boh pikeun siswa.

a) Mangpaat Téoritis

1. Ngajembaran téori ngeunaan pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan di TK.
2. Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan modél pembelajaran ngaregepkeun jeung maca kalimah basajan di TK.
3. Mekarkeun modél pembelajaran ngaregepkeun jeung maca dina ngawanohkeun kalimah basajan di TK.

b) Mangpaat Praktis

1. Pikeun guru basa Sunda di TK bisa dijadikeun salah sahiji média pangajaran basa, utamana kamahéran basa.
2. Pikeun murid di TK bisa dipaké ngaronjatkeun kamampuh murid dina pangajaran kamahéran basa.

### 1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan minangka puseur pamiangan nu dijadikeun dasar pamikiran panalungtikan. Ku kituna disusun anggapan dasar dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kamahéran basa mangrupa kamampuh makéna basa boh tina aspék kamampuh lisan boh tina aspék kamampuh tulisan anu sipat nyata mangrupa kamampuh maca, nulis, ngaregepkeun, jeung nyarita.
- 2) Dina Kurikulum 2004: *Standar Kompéténsi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda TK/RA* jinek ayana standar kompetensi kalawan kompetensi dasar ngaregepkeun kalimah basajan, ngucapkeun kalimah basajan tur

nuliskeunana jeung ngahubungkeun basa lisan jeung tinulis ku cara macakeun kelompok kalimah basajan kalawan bener.

- 3) *Dina Garis-Garis Program Pengajaran dan Penilaian pada Sistem Semester 2003: Satuan Pendidikan Taman Kanak-Kanak* anu dimekarkeun kana *Satuan Kegiatan Harian* jinek ayana idéntifikasi sasatoan, jeung matéri pokok ngaregepkeun kalimah basajan ngeunaan idéntifikasi sasatoan.

### 1.7 Wangenan Oprasional

Istilah nu digunakeun dina ieu panalungtikan perlu diwatesan sacara husus sangkan teu nimbulkeun salah harti jeung tafsiran. Wangenan oprasional nu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan nya éta:

- a. *Kamampuh* nya éta kabisa, kasanggupan, kaparigelan atawa kakuatan anu dipibanda ku hiji jalma.
- b. *Ngaregepkeun* nya éta mangrupa kagiatan makéna basa lisan anu sipatna reséptip, nya éta kagiatan narima wawaran ngaliwatan pangrungu.
- c. *Maca* nya éta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan anu dipidangkeun dina wangun tinulis.
- d. *Kalimah basajan* nya éta kalimah salancar nu diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku objék jeung panglengkep boh henteu.
- e. "Gambar adalah tiruan barang (orang, binatang, tumbuhan dsb yang dibuat dengan cat, tinta, coretan, potret dsb: lukisan" ( KBBi, 1984:242 ).
- f. Média gambar nya éta alat atawa sarana anu bisa digunakeun pikeun ngabantu siswa dina prosés nyangkem jeung ngawasa pangajaran dina

ngungkarakeun hiji objék dina pangajaran kamahéran basa. Patalina jeung panalungtikan ieu, média gambar digunakeun dina pangajaran ngawanohkeun kalimah basajan sangkan bisa ningkatkeun kamampuh kamahéran basa siswa.

Dumasar kana wangenan di luhur, anu dimaksud ku **“Pembelajaran Ngawanohkeun Kalimah Basajan Ngagunakeun Média Gambar Di TK Flamboyan Purwakarta”** téh nya éta pembelajaran ngawanohkeun kalimah basajan nu mangrupa pakta lisan tina naon nu diterangkeun ku guru di kelas sacara langsung.

